# Уэлджыр Мушэхьид и гъуэгуанэ купщIафIэ

**Егъэджэнри щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэри зэуэ зэдэпхьыну зэрыгугъур куэдым ящIэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми къаруушхуэ, лъэкIыныгъэ ин, зыхэщIыкI куу уиIэу убгъэдэтын хуейщ. Нэхъ гугъужщ а IэнатIэхэм ящыщу дэтхэнэми ехъулIэныгъэхэр щызыIэрыбгъэхьэфу, пщIэрэ щIыхьрэ уиIэу илъэс куэдкIэ упэрытыну. Апхуэдэ зэфIэкI лъагэ иIэщ ди тхыгъэр зытеухуа Уэлджыр Кушбий и къуэ Мушэхьид. Ар КъБР-м мэкъумэшымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, РАЕН-м и академикщ. Илъэс 55-рэ хъуауэ зи гугъу тщIа IэнатIэхэр екIуу, ныкъусаныгъэншэу зыдехь Мушэхьид. Къэхъуакъым ар и щIалэгъуэм къыхиха IэщIагъэм щыхущIегъуэжа, и лэжьыгъэ хьэлэмэтхэм щытезэша.**



УЭЛДЖЫРЫР 1933 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м Жэмтхьэлэ (Къуэжьыкъуей Ипщэ) къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, щIалэщIэр щIэтIысхьащ Осетие Ищхъэрэ къэрал мэкъумэш институтым икIи щытхъу иIэу абы щеджащ. Къуажэдэс щIалэ цIыкIум и дежкIэ, дауи, тынштэкъым уи благъэ, Iыхьлыхэм уапэIэщIэу хамэ щIыпIэ ущыIэныр. Й адэр зауэм хэкIуадэри, и анэ Джэзэ хуейуэ къыхуэнат сабииплI: хъыджэбзищрэ зы щIалэрэ. Ахэри зэрымытыншыр ищIэрт Мушэхьид, абыхэм я дежкIи къэгупсысэрт.

Абы и дежкIи и гъусэу еджэ щIалэхэм я дежкIи гуфIэгъуэ махуэшхуэ пэлъытэт и анэр матэ хьэлъэ иIыгъыу къащыхуэкIуэ зэзэмызэр. Джэзэ езыр хущIыхьэгъуэ имыIэу, зауэшхуэм фызабэ ищIа адрей бзылъхугъэ минхэми хуэдэу, колхоз губгъуэм жэщи махуи итт. АрщхьэкIэ, дауэ ищIми, щIалэ закъуэм деж и лъэр нихусыфырт. Къуэм анэIэкIэ игъэхьэзыра гъуэмылэ мащIэр иригъэшхмэ, абы зы жэщ бгъэдэсмэ, и гур псэхужауэ хъыджэбзищым къахыхьэжырт Джэзэ.

Апхуэдэурэ еджащар. 1958 гъэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэрызэригъэгъуэтамкIэ дипломыр IэщIэлъу Мушэхьид щалъхуа щIыпIэм къигъэзэжащ. Япэу абы лэжьэн щыщIидзащ а лъэхъэнэм хуабжьу цIэрыIуэу щыта «Джылахъстэней» племсовхозым. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ зоотехник нэхъыщхьэм лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэм щIэ куэд хилъхьащ.

ЗэфIэкI инхэр къызыкъуэкIыу хуежьа IэщIагъэлI жыджэрым гу лъамытэу къэнакъым. Мыгувэу ар ирагъэблэгъащ Аруан куейм мэкъумэшым зегъэужьынымкIэ и IэнатIэм и директору. Абдежми унафэщI щыпкъэу зыкъыщигъэлъэгъуащ Уэлджырым. Лэжьыгъэм щIыгъуу абы иригъэкIуэкIырт къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэри. Абыхэм я лъабжьэр нэхъри щIигъэбыдэн, бгъэдэлъ зэфIэкIхэм адэкIи хигъэхъуэн папщIэ, Мушэхьид мурад ищIащ аспирантурэм щIэтIысхьэну. Ар къехъулIащ абы икIи мэл лъэпкъыфIхэр къэгъэхъуным теухуауэ игъэхьэзыра кандидат диссертацэр 1965 гъэм ехъулIэныгъэкIэ КъБКъУ-м щыпхигъэкIащ. А унэтIыныгъэм тещIыхьауэ щытащ Уэлджырым и доктор диссертацэри. Жылагъуэм, щIэныгъэлIхэм я деж пщIэ щызыгъуэта а лэжьыгъэ хьэлэмэтым къыщыхьа Iуэхугъуэ куэд нобэ мэкъумэш IэнатIэм къыщагъэсэбэп. Ахэр хуэунэтIащ абы зегъэужьыным, хьерышхуэ къитыным.

Уэлджырым и мурадхэр, гупсысэ пэрытхэр тхылъымпIэм къыщигъэлъагъуэ къудейкъым, атIэ ар езыр абыхэм щолэжь республикэм и хозяйствэ щхьэхуэхэм. Мушэхьид и лэжьыгъэхэр мызэмытIэу щагъэлъэгъуащ Союзпсо мэкъумэш еплъыныгъэм. 1987 гъэм къэхутакIуэм къыхуагъэфэщауэ щытащ «СССР-м и цIыхубэ хозяйствэм зиужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэ хэмрэ зыIэригъыхьа ехъулIэныгъэ хэмрэ папщIэ» жэз медалыр. Апхуэдэу абы и псэ хьэлэл лэжьыгъэм къыпэкIуащ щIыхь, щытхъу тхылъхэр, дамыгъэ лъапIэхэр.

**●ДифI догъэлъапIэ**

ЩIэблэр егъэджэным, гъэсэным илъэс куэд лъандэрэ и гуащIэ ирехьэлIэ Уэлджырым. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием зэрыщригъаджэм къыдэкIуэу, абы и унафэм щIэту гъэхьэзыра хъуащ щIэныгъэхэм я кандидатхэр, докторхэр. Ар жыджэру ядолажьэ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм и IэщIагъэлIхэм, нэгъуэщI щIыналъэхэм я щIэныгъэлI пашэхэм. Уэлджырым и псалъэ Iущ щIэдэIуну, ар щIэхщIэхыурэ ирагъэблагъэ щIэныгъэ конференцхэм, симпозиумхэм, нэгъуэщI зэхыхьэхэм.

Апхуэдиз ехъулIэныгъэфI зиIэ щIэныгъэлI щыпкъэм и щIыбагъ унагъуэ дахи къыдэтщ. Адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ зэрылъ унагъуэм я нэхъыжьщ мыгувэу илъэси 100 ирикъуну Джэзэ. Ар щогуфIыкI и бынхэм, и къуэрылъху-пхъурылъхухэм я ехъулIэныгъэхэм. И къуэ закъуэм хуэфэщэн щIэблэ къызэрыщIэхъуэм ирогушхуэ.

Илъэс 75-р нобэ хуагъэлъапIэ Уэлджырым. Гъуэгуанэ купщIафIэ къэзыкIуа Мушэхьид гъащIэм гукъыдэж хузиIэ, жыджэрагъ зыхэлъ, ихъуреягъэкIэ щекIуэкI Iуэхухэм папщIэ жэуаплыныгъэ зыхэзыщIэ цIыху пэрытщ. Узыншэу псэуну, лъэпкъым ифI къызэрыкI Iуэхугъуэфхэм я зэхэублакIуэу иджыри кудрэ щытыну ди гуапэщ.

**БЕЙЦIЫКIУ Хьэзешэ,**
*КъБКъУ-м и доцент.*

**●Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр**



**ХьэтIохъущокъуэ Исмел-Псыгъуэмрэ урыс офицерымрэ ШейтIан Iуащхьэм деж щызэхуозэ.**
*Гравюрэр XIX лIэщIыгъуэм ящIащ.*

**●Къуажэдэсхэр**

# Гупыр зыгъэгуп

**Дызэрыщыгъуазэщи, зэхъуэкIыныгъэхэм я зэманым рынок зэхущытыкIэм и архъуанэм ирихьа промышленэ предприятэхэм ящыщу къелар куэд хъуркъым. А къэнахэми я нэхъыбэм зауужьыжыфыркъым. Ауэ щыIэщ рынок жыхуаIэм и хьэрис-кхъуэрисхэм къимыгъэландджэу, зи лэжьыгъэр екIэкIуэн дэнэ къэна, кIуэтэху хэзыгъахъуэу къэгъуэгурыкIуэ IэнатIэхэри. Апхуэдэщ Бахъсэн куейм щыIэ ПсыкIэху къуажэ цIыкIум дэт «Карат» чырбыш заводыр.**

ПРЕДПРИЯТЭ мыиным и лэжьакIуэхэр зэрыхъур 65-ми, зы илъэсым нэхърэ къыкIэлъыкIуэм чырбышу ягъэхьэзырым хагъахъуэ зэпытурэ къокIуэкI. Псалъэм папщIэ, нэгъабэ и иджы хуэдэ зэманым ебгъапщэмэ, мин 300-м щIигъукIэ нэхъыбэ къыщIагъэкIащ.

Предприятэм и чырбышыр уасэ езэгъэрабгъукIэ имыщэмэ езым хуэдэхэм зэрадэмыхъунур заводым и унафэщIхэм къагуроIуэри, ар лъапIэ зэрамыщIыным хущIокъу.

Дауи, лэжьыгъэ тыншкъым чырбыш гъэжыныр. Абы къыхэкIыу акционер обществэм и унафэщIхэм ялъэкI къагъанэркъым лэжьакIуэхэр зыхуей хуэзэу я IэнатIэм пэрытын папщIэ. Псалъэм щхьэкIэ, я улахуэм хущIагъу зэпытщ. Абыхэм я мазэ хьэкъыр нэгъабэ ику иту сом 9200-рэ хъууэ щытамэ, дызэрыт илъэсым ар нагъэсащ сом 12400-м. ЛэжьапщIэр зэи ягъэгувэркъым, мазэм тIэу ят. Ар улахуэ хъарзынэщ хьэпшып къыщIэзыгъэкI, ерыскъыпхъэхэм, нэгъуэщI IэнатIэхэм елэжьхэм къалъысым еплъытмэ.

КъимыдэкIэ заводым дэтхэр пуду ягъашхэ, зэрылэжьэну щыгъынри къыхуащэху. «Карат» ООО-м сыт щыгъуи и пIалъэм ет налогхэр, пенсэ, страховой фонд хуэдэхэм яхуигъэхьын хуей ахъшэр, газ, электрокъару уасэхэр.

Шэч хэлъкъым, дэтхэнэ зы IуэхущIапIэми и лэжьыгъэр кIуэтэн папщIэ, зым Iэпыхур зым къиштэжу, гупыр зэкъуэмыту хъунукъым. Абы и лъэныкъуэкIэ мы акционер обществэм щылажьэхэр хуэарэзыщ илъэс 23-рэ хъуауэ заводым и унафэщI, зи IуэхущIафэ дахэхэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр, Парламентым и щIыхь тхылъыр, нэгъуэщI дамыгъэ зыбжани зыхуагъэфэща, гупыр зылI и быну зэкъуэзыгъэувэн зыхузэфIэкIа Сосналы Анатолэ.

- Ди IэнатIэр зы мэскъалкIэ къэдмыгъэтIэсхъауэ долажьэ,- жеIэ Анатолэ.- ГуфIэгъуи гузэвэгъуи зэдэдгуэшу дыкъызэдогъуэгурыкIуэ. Ди лэжьакIуэхэм я нэхъыбэр илъэс 20-30 хъуауэ зи IэнатIэм пэрыт гупщ, щхьэж зи къалэныр тэмэму зыгъэзащIэщ. Псоми я цIэ къидмыIуэфми, къыхэзгъэщыну сыхуейт ордензехьэ Бещто Хьэсэн, Щоджэн Анзор, Лу Ямыдэ, ФIэщмыхъу Ольгэ, Темрокъуэ Рашид, си къуэдзэу лажьэ Къардэн Хьэсэн сымэ. Ди Iуэхур зэтеувауэ екIуэкIми, щыIэщ дызыгъэпIейтей, дызыгъэгузавэ. Псом ящхьэу - цIыхур зыщIэсын псэупIэ унэу ящIым зэрыхэщIарщ. Пэжу, иужь илъэситI-щым еджапIэхэр, сабий садхэр, сымаджэщхэр нэхъыбэу зэраухуэм дигъэгуфIэми, цIыху къызэрыгуэкIхэм щхьэкIэ фэтэр нэхъыбэ ящIыну дыхуейт.

КъимыдэкIэ, дегъэгузавэ газ, электрокъару, дагъэгъэсыныпхъэ уасэхэр кIуэтэху зэрыдэуейм. Уеблэмэ газым щхьэкIэ дгъэкIуэдым зымащIэкIэ щIедгъэгъуамэ, а етт хабзэм хуэдэу зырэ ныкъуэкIэ нэхъыбэ тIах.

Сосналы Анатолэрэ и дэрэгъухэмрэ щытхъу ин яхуэфащэщ гъэ кIуам зэфIагъэкIа Iуэху щхьэпэм папщIэ. КъамыгъэсэбэпыжУ я пщIантIэм дэт унэшхуэр спорт зэхьэзэхуапIэ ящIащ. Иджы абы къуадэжэс ныбжьыщIэ 50-м щIигъум тхьэмахуэм зыбжанэрэ зыщагъасэ, бэнэнымкIэ спорт зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэкIуэкI. «Карат» ООО-м и унафэщIхэм къагуроIуэ сабийр уэрамым хьэулейуэ дэмытын, Iуэху мыхъумыщIэхэм пэIэщIэу щытын папщIэ спортыр зэрыIэмалыфIыр.

**МЫЗ Ахьмэд.**

**●Гъуазджэ**

# Лъэр щIэзыгъэкI пшынауэ, гур зытхьэкъу уэрэдус

**Дунейм щIыпIэ куэд къытена къыщIэкIынкъым Сэхъу Хьэсэн «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым и артистхэр щимыгъэджэгуауэ. Къэдбжыну щIэддзат а ансамблыр здэщыIа къэралхэри, плIыщIым нызэрыхьэсащ. Ауэ абыхэм яхэтщ ар мызэ-мытIэу здэщыIахэри.**



Сэхъу Хьэсэн пшынэр егъэбзэрабзэ.

- Ди нэ къыхуикIыу дыздэмыкIуэу къэнар къэралитIщ, - жеIэ Хьэсэн. - Ар Китаимрэ Мысырымрэщ (Египетымрэщ).

Апхуэдиз къэралми, СССР-м хэта республикэхэми, Урысей Федерацэм и щIыналъэ куэдми Iэгуауэшхуэ къыхуаIэту ди ансамбль пажэр илъэс 30-м нэскIэ зыгъэджэгуа Сэхъу Хьэсэн дунейм къытехьэри, махуэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу и анэ ФатIимэт зэуэзэпсэу дунейм ехыжауэ щытащ. Илъэс ныкъуэ дэкIри, и адэ Сэрэбий и щхьэгъусэм кIэлъыкIуэжащ.

Бынхэм я нэхъыщIэ Хьэсэн пшынауэ зэрыхъуар гъэщIэгъуэнщ. Абы и шыпхъуищри пшынауэт. Iэпэ пщыкIущ телъу яIэ адыгэ пшынэ цIыкIум ахэр щеуэкIэ, щIалэ цIыкIур ехъуапсэрт, ауэ я Iэмэпсымэм ирагъэIусэртэкъым. Щысхьым и закъуэтэкъым, зэшыпхъухэм яфIэфIтэкъым ар пшынауэ хъуну, къуэш нэхъыжьым идэхххэртэкъым. Хьэсэн и Iэпэлъапэр шхэрт пшынэм еуэну. Ар къидыгъуурэ зэригъэшхыу щIидзащ, итIанэ зыгуэрхэр къригъэкIыф хъуащ. Дихьэхыпэу хуежьа иужь, пшынэр Бахъсэн псыхъуэ ихьурэ абы щеуэу къиублащ.

- Зэгуэр пшынэр сIыгъыу къуажэ клубым сыкIуат, - жеIэ Хьэсэн. - Абы и унафэщI Сэбан Уэс си пшынэ еуэкIэр зэрызэхихыу, «Алыхь, уэ зыгуэр къыпхэкIынум», - жиIащ.

ЩIалэ цIыкIур Сэбаным Налшык ешэ икIи цIыхубэ хорым и унафэщIу щыта НэхулъащIэ Мыхьмуд и цIыхугъэти, игъэсэну абы ирет. Мыбы Хьэсэн и Iэзагъэм щыхигъэхъуауэ, пшынэми нэхъыфIу еуэ хъуауэ 1967 гъэм Бахъсэн ЩэнхабзэмкIэ унэм щылэжьэну ягъакIуэ. Илъэс 15 фIэкIа ныбжь зимыIэ ныбжьыщIэр къэфакIуэ ансамблым и пшынауэ мэхъу.

- ИгъащIэкIэ сигу икIыжынкъым абы щыгъуэ ЩэнхабзэмкIэ унэм и лэжьакIуэ Бахъуэ БетIал къысхуищIар, - игу къегъэкIыж Хьэсэн. - Ар зыхэмызагъэ IэнатIэ гъуазджэм иIэтэкъым. Iэзэу Iэпэпшынэм еуэрт, дахэу къафэрт, актер гъуэзэджэу театрым щыджэгурт, сурэт екIухэр ищIыфырт. Ар Iэпэпшынэм, сэ пшынэм дызэдеуэурэ фIыуэ згъэбзэрабзэу сригъэсат.

1969 гъэм республикэм пшынауэхэм я зэпеуэ щрагъэкIуэкIат. Абы Сэхъум япэ увыпIэр щеубыдри, «Кабардинка» къэфакIуэ ансамблым пшынауэу ящтэ. Хьэсэн гупым дэлэжьэн щIидзат дыгъэгъазэм и 12-м, къыкIэлъыкIуэ махуэм Азие Курытым и щIыпIэхэм концерт щатыну гъуэгу теувахэт.

Къуэдз Iэбубэчыррэ ДыщэкI ФатIимэрэ я гъусэу «Кабардинка» ансамблыр илъэс зыбжанэкIэ игъэджэгуауэ, Хьэсэн дзэм ираджауэ щытащ. Къулыкъу щищIэми абы пшынэр и Iэпэгъуащ. И хэкум къигъэзэжа нэужь, пшынауэ щIалэр Бахъсэн аргуэру ирагъэблагъэ. Аращ щхьэгъусэ хуэхъуа КIэбышэ Iэнисэт къыщицIыхуари. Куэд дэмыкIыу республикэм и автоуправленэм и унафэщI Хъурей Феликс «Ашэмэз» ансамблым и пшынауэ лэжьыгъэр къыхуегъэлъагъуэ, Iэниси абы къэфакIуэу хохьэ.

- Хъурейр икъукIэ лIы губзыгъэщ, - жеIэ Хьэсэн. - И лэжьыгъэр къэралым щынэхъыфIу зэрызэтриухуам къыдэкIуэу, ансамбль цIэрыIуэхэм къакIэрымыхуу «Ашэмэз»-ыр иIыгът, дызыхуей псори, автобус нэгъунэ, диIэжу. Си гъащIэр фэтэр сыщIэсу къесхьэкIыурэ, абы уни къызитат. ФIыщIэшхуэ хузощI а цIыху емызэшыжым.

1982 гъэм Сэхъур аргуэру «Кабардинка» ансамблым яшэж, нобэр къыздэсми абы и пшынауэщ. И щхьэгъусэ Iэниси иджыри къэс а ансамблым щылэжьащ къэфакIуэхэр зыхуейхэмкIэ къызэригъэпэщу.

Сэхъу Хьэсэн «Кабардинкэ»-р зэригъэджэгум и мызакъуэу, макъамэ дахэхэри етх. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Къуэш къафэр», «КIуэрирэ и къафэр», нэгъуэщI куэди. Ансамблым хэтхэм я къэфэкIэр зэлъытар макъамэ Iэмэпсымэ еуэкIэрщ. Ар фIыуэ къагуроIуэ Хьэсэни абы и гъусэу пшынэр зыгъэбзэрабзэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист ХьэпащIэ Заудини, оркестрым хэт адрейхэми.

Сэхъур пшынауэ Iэзэ къудейкъым. Ар икIи уэрэдусщ. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ уэрэд 50-м нэс.

Илъэс 40-м щIигъуащ лъэр щIэзыгъэкI пшынауэ, гур зытхьэкъу уэрэдус Сэхъу Хьэсэн гъуазджэм жыджэру зэрыхэтрэ. Абы щыщу илъэс 30-м нэсым «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым щылэжьащ. Хьэсэн гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэр гулъытэншэу къэнакъым. Абы къыфIащащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист цIэ лъапIэр, къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр, щытхъу тхылъ, саугъэт зыбжанэ.

- НыбжькIи лэжьыгъэкIи сэ нэхърэ нэхъыжь ди ансамблым иджыпсту хэткъым, - жеIэ Хьэсэн. - Зэи сыкъыхэкIыжыну сыхэтат. Республикэм пшынауэ Iэзэ куэд исщ, ауэ уемысауэ ансамблыр пхуэгъэджэгунукъым, ебгъэсэнуми пхуэкIуэнукъым, лэжьыгъэр зэрыгугъум, лэжьапщIэр зэрымащIэм къыхэкIыу.

Хьэсэн жиIэхэм уэзгупсыс хъун хэлъщ. Илъэс 75-рэ гъуэгуанэ къэзыкIуа ансамбль цIэрыIуэр гулъытэ лей хуэныкъуэщ. Абы илъэс зыбжанэ хъуауэ зэрызекIуэн автобус иIэжкъым. Макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэхэми къэфакIуэхэми я улахуэр мащIэ дыдэщ. Ансамблым хэтхэм я нэхъыбэр къуажэхэм къокI. Абыхэм къалэжьыр гъуэгупщIэм ирикъу къудейми, гъуазджэр я гъащIэ гъусэ хъуащи, лэжьыгъэр хыфIадзэфкъым. Апхуэдэу ди зэманым куэд пхуэлэжьэнукъым, абы щIалэгъуалэ пхуешэлIэнукъым. Зи пщэ къыдэхуэ къулыкъущIэхэр мы Iуэхум быдэу егупсысыну дыщогугъ.

**УЭРЫШ Нурхьэлий,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.*

# КъБР-м дзюдомрэ самбомкIэ и федерацэм и зэIущIэ

**Иджыблагъэ КъБР-м дзюдомрэ самбомкIэ и федерацэм и отчет-хэхыныгъэ конференц екIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ илъэсым и кIуэцIкIэ зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэмрэ нэхъ зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэмрэ. Конференцым и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщI Къэжэр Альберт.**

ЗЭIУЩIЭМ къекIуэлIахэм гуапэ ящыхъуащ дзюдом зыщыхуагъэсэн пэшышхуищ зэрызэрагъэпэщыжар. Апхуэдэу конференцым къыщаIэта Iуэхухэм ящыщщ ди республикэм и спортсменхэу нэхъ зэфIэкI лъагэхэр къэзыгъэлъагъуэхэр гъэпажэныр.

Отчет-хэхыныгъэ конференцым хэтахэм дзюдомрэ самбомкIэ федерацэм и гъэзэщIакIуэ директору Алыджым щекIуэкIа Олимп джэгухэм я жэз медалыр къэзыхьа Тау Хьэсэнбий, вице-президент КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн хахащ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

**ДЖАТЭРЫВЭ Къазбэч:**

## «Спартак-Налшыкым» сыхэкIыну си мурадкъым

***«Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэныкъуэ Джатэрывэ Къазбэч командэм нэгъабэ къыхыхьауэ арами, и джэгукIэ дахэмкIэ футболеплъхэм, IэщIагъэлIхэм гу залъригъэтэн хузэфIэкIащ. Нобэ ар топсэлъыхь илъэсыр зэрырихьэкIам.***

**- Къазбэч, мы гъэр къохъулIауэ къэплъытэрэ?**

- Илъэсыр хъарзынэу щытащ си дежкIэ. Абы теухуауэ псалъэ гуапэхэр яжесIэнут тренерхэмрэ футболистхэмрэ. Командэм сыкъыщыкIуагъащIэм гугъу сехьащ, ауэ щIалэхэм утыку сыкъранакъым: къыздэIэпыкъуащ икIи сытрагъэгушхуащ. Абы къару лей къысхилъхьащ.

**- Футбол IэщIагъэлIхэм жаIэ куэд мыщIэу нэгъуэщI клуб укъыщыхутэнкIэ хъуну.**

- Псом япэрауэ, си контрактым и пIалъэр нэсакъым, «Спартак-Налшыкым» сыхэкIын муради сиIэкъым. Зы илъэс хъарзынэу къохъулIамэ, ар щхьэусыгъуэкъым нэгъуэщI командэ укIуэну. ЕтIанэгъэ къигъэлъэгъуэнущ си зэфIэкIыр здынэсыр. Сэ иджыри сызэлэжьын куэд сиIэщ.

**- Командэ лъэщ гуэрым уригъэблагъэмэ-щэ?**

- Япэ щIыкIэ срырегъэблагъэ, ауэ зэрыжысIащи, командэр схъуэжын Iуэху зесхуэркъым.

**- Чемпионатым щыщу къэнэжар зы джэгугъуэщ. Командэм дежкIэ мыхьэнэ зимыIэж зэIущIэм зыхуэбгъэхьэзырыну гугъу?**

- Псом япэу ар дэ ди лэжьыгъэщ. Ар зэфIэкIмэщ зыщыдгъэпсэхунур.

**- Зыгъэпсэхугъуэ зэманыр дэнэ щыбгъэкIуэнур?**

- Си унэ. Си благъэхэм, Iыхьлыхэм, ныбжьэгъухэм срагъусэу.

*Епсэлъар*
**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**

**Шахмат**

## Щыхьмырзэ ФатIимэ и текIуэныгъэ

**Иджыблагъэ Сочи щекIуэкIащ Ипщэ Федерал щIыналъэм шахматхэмкIэ и зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ зи ныбжьыр илъэси 8-м къыщыщIэдзауэ илъэс 18-м нэсхэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм кIуащ спортсмен 12.**

ЗЫХЭТА гупым етIуанэ увыпIэр къыщихьащ илъэс 11 хъу Щыхьмырзэ ФатIимэ. Абы и фIыгъэкIэ ФатIимэ Iэмал игъуэтащ 2009 гъэм екIу экIыну Урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтыну.

**Iэпщэрыбанэ зэзауэ**

## Я ныбжь емылъытауэ зэфIэкIышхуэ зиIэхэр

**«Налшык» спорт комплексым щекIуэкIащ Iэпщэрыбанэ зэзауэхэмкIэ КъБР-м и 9-нэ зэхьэзэхуэ. Зи ныбжьыр илъэсипщI-пщыкIублым ит спортсмену 150-рэ зэхьэзэхуэм хэтащ.**

ЗЫХЭТА гупхэм япэ увыпIэхэр къыщахьащ Туменов Бийберд, Тэмазэ Ислъам, Ходаев Омар, Бозиев Салим, Iэпщэ Иляс, Хьэгъэжей Къазбэч, Сэхъу Къантемыр, Къуэныкъуей Альберт, Махъсидэ Замир, Тхьэзэплъыж Ислъам, Гериев Руслан, Битокъу Марат, Туменов Альберт сымэ.

«Зи бэнэкIэр нэхъыфI» саугъэт щхьэхуэр хуагъэфэщащ Къаныкъуэ Альберт. Нэхъ зэман кIэщI дыдэм текIуэныгъэ къызэрихьам щхьэкIэ саугъэт иратащ напIэзыпIэм зи хьэрхуэрэгъухэр хэзыгъэщIахэу илъэсипщI зи ныбжь Бекъалды Аскэррэ Туменов Кязимрэ. «ТекIуэныгъэм зэрыхущIэкъуам папщIэ» саугъэтхэр иратащ Абазэ Астемыррэ Гериев Елдаррэ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм Iэмал ягъуэтащ Ипщэ федерал щIыналъэм и чемпионатым кIуэнухэр къыщыхах зэхьэзэхуэхэм хэтыну.

**Бгырыпх бэнэкIэ**

## Дунейпсо зэхьэзэхуэм макIуэ

**Мы махуэхэм Рязань къалэм щекIуэкIащ бгырыпх бэнэкIэмкIэ ныбжьыщIэхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы кърихьэлIащ ди къэралым и щIыналъэхэм къикIа бэнакIуэ нэхъ лъэщу 210-рэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и спортсменхэм а зэхьэзэхуэм хъарзынэу зыкъыщагъэлъэгъуащ. Жэмтхьэлэ щыщ Къардэн Антемыр килограмм 70 зи хьэлъагъхэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ. Хьэтуей ДЮСШ-м и гъэсэн БищIо Алим щыбэна гупым къыпэлъэщын къыхэкIакъым. Килограмм 50 зи хьэлъагъхэм я деж зэIущIиплI щезыгъэкIуэкIа Ульбашев Мартин псоми щытекIуащ икIи зэхьэзэхуэм и дыщэ медалыр къихьащ.

ТекIуэныгъэ къэзыхьа ди щIалищри дыгъэгъазэм и 12-15-хэм Мэзкуу щекIуэкIыну Дунейпсо зэхьэзэхуэм щыбэнэнущ.

НыбжьыщIэхэм къадэкIуэу щIалэгъуалэри зэхьэзэхуащ. Килограмм 90 зи хьэлъагъхэм я деж дыщэ медалыр къыщихьащ Мысост Мырзэбэч, етIуанэ увыпIэр къылъысащ Гажонов Елдар (кг 66-рэ).

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

**• Гъэлъэгъуэныгъэхэр**

# КъызэрыгуэкIрэ пэжагъ ини ящIэлъу

**Ди республикэм профессиональнэ сурэтыщI гъуазджэр щызэфIэувэным зи гуащIэ хэзылъхьахэм, къежьапIэ дыдэм деж щытахэм ящыщщ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и художник Ваннах Михаил. Мы махуэхэм абы и ныбжьыр илъэси 100 зэрырикъум ирагъэхьэлIэри сурэтыщIым и IэдакъэщIэкIхэр утыку къыщрахьа гъэлъэгъуэныгъэ Налшык дэт СурэтыщI гъуазджэмкIэ музейм къыщызэIуахащ.**

1930 гъэхэм Ваннах щыпсэуащ зи щIыуэпсыр гъэщIэгъуэнышэ, дунейр щытелъыджэ Къэбэрдей-Балъкъэрым. СурэтыщIым и IэдакъэщIэкIхэм я нэхъыбэр щищIар ди щIыпIэрщ. Къыхэгъэщыпхъэщ Ваннах Михаил и лэжьыгъэхэр гурыIуэгъуафIэу зэрыщытыр, сурэтыщIым и нэгу щIэкIам ахэр зэрытегъэпсыхьар. Псалъэм папщIэ, «ЛъагапIэм хуэкIуэ гъуэгу» зыфIища сурэтыр щыплъагъукIэ, шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым а бгым дэкIуей лъагъуэр Михаил зэрызэпичам.

Гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщрахьа лэжьыгъэхэм наIуэу уи нэгу къыщIагъэувэ зэхэзекIуэным, дунейр зэгъэлъагъуным дихьэхыу щыта сурэтыщIым и гъащIэр. Апхуэдэщ «Заполярье», «Ладога», «Тундра» «Мурманский порт», «По Енисею», «Старая Рига», «Крым», «Самарканд», «Памир», нэгъуэщIхэри. УзыщыгуфIыкIынщ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ, зауэм теухуа сурэтхэр хъума зэрыхъуар. «Дорога после войны», «Весна после боев», «Через средневековый мост», нэгъуэщIхэми IупщIу уи нэгум къыщIагъэхьэ зауэр зыхуэдар. ЖыпIэнуракъэ, дунейм къыщыхъу Iуэхугъуэхэр езым кууэ зэрызыхищIэр и сурэтхэмкIэ фIыуэ цIыхухэм я деж къыхьэсыфащ Ваннах Михаил.

Кавказым щыпсэу дэ къуршхэм теухуауэ щIэ гуэр къыджезыIэфын щымыIэу къэтлъытэнкIэ хъунщ. Ауэ Ваннах Михаил и IэдакъэщIэкIхэм еплъахэм зыхащIэ: къуршхэм, бгыхэм я теплъэр зэрыщытыр къигъэлъагъуэм къыдэкIуэу, сурэтыщIым хузэфIокI и лэжьыгъэхэм нэрымылъагъуу щIэщыгъуэ гуэр хилъхьэн, нобэрей ди зэман гугъум тхуримыкъу гуапагъэр къызэрыгуэкIыу икIи пэжагъ ин хэлъу къигъэлъэгъуэн.

**ТХЬЭМОКЪУЭ Ларисэ.**

